**Ассаламу гIалайкум!**

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2025 соналъул 7 февраль Рузман № 9 (7879) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 11 декабралда 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

## Шапакъат




Хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIазе гуманитарияб кумек гьабиялъулъ лъолеб къиматаб бутIаялъухъ «БацIцIадаб ракI» абураб гурхIел-рахIмуялъул фондалъул шапакъаталдалъун кIодо гьавуна районалъул бетIер Шамил ГIумаров.

Шапакъат кьолаго фондалъул вакилзабаз разилъи загьир гьабуна гьес рагъул кьерда ругел гIолохъабазе гьабулеб кидагосеб кумекалъухъ.

## Райадминистрациялда

## «Бахчараб» экономикаялъул бицана

29 январалда райадминистрациялда районалъул бетIер Шамил ГIумаровас тIобитIана законалда данде кколаредухъ хIалтIудалъун хьезари дагьлъизабиялъул рахъалъ ведомствабазда гьоркьосеб хIалтIулаб кьокьаялъул данделъи.



Данделъиялда гIахьаллъана райадминистрациялъул бетIерасул заместитель Халилула МухIамадов, райадминистрациялъул экономикияб-гун буголъиялъулаб отделалъул нухмалъулев ТIагьир МуртазагIалиев, районалъул финансовияб отделалъул нухмалъулев ХIусен МухIамадов, полициялъул, хIалтIудалъун хьезариялъул централъул ва МФЦялъул вакилзаби.

Законалда данде кколаредухъ хIалтIудалъун хьезари-гьеб кколагIодобегIанаб харж, хIалтIухъанасул захIматалъулал ихтиярал ва хIалтIул шартIал хвезари, гьел цIуниялъе ругел захIмалъаби, гьединго букIинесеб гIодобегIанаб пенсия ва жакъа кьоялъ гьечIеб социалияб рахъ цIуни.

«Бахчараб» экономикаялъул тIоцебесеб гIаламат ккола хIалтIи кьолес хIалтIуде восулесулгун захIматалъулаб кьотIи гьабизе инкар гьаби. ГIадамал ургъулел гьечIо захIматалъул стажалъул суалалда тIад. Хадур, пенсиялде ине заман щведал, рукIунел руго гIарцухъ пенсиялъулал балал росулел. Гьеб киналъулго бицана данделъиялда кIалъазе рахъараз.

Районалъул бетIер Шамил ГIумаровас гьеб рахъалъ лъикIаблъун рикIкIана гIадамазда гьоркьоб гьабулеб бичIчIи кьеялъулаб хIалтIуде цIикIкIун кIвар кьезе ва бугеб ахIвал-хIал жеги мухIкан гьабизе.

Гьединго хIалтIулаб кьокьаялда тIадкьана комплексияб план хIадур гьабизе ва гьелда рекъон хIалтIи гIуцIизе.

## Нухал ва гIадамал

## ЖамагIат цолъиялъулъ - росдал къуват

Къеди росдал жамагIаталъе загьир гьабула ракI-ракIалъулаб баркала. РакIчIун абизе бегьула араб 2024 сон нижер росдае букIанин цIигьабунгIуцIиялъул, ай, цере чIарал масъалабиги гIумруялде рахъараб, цIиял шагьранухазул ва кIвар цIикIкIарал жамгIиял хIалтIабазул сонлъун.

Араб соналъ росдал жамагIаталъул кумек-квербакъиялдалъун росулъ цIигьабун къачIана ва бахъана гьанже заманалъул тIалабазе жаваб кьолеб даражадул анцIила лъабго километралъул шагьранухал. Гьеб ккола росдал жамагIаталъул цолъигун гъункиги, кьоборхигун церечIарал масъалаби тIуразе бугеб гьира-шавкъги бихьизабулеб лъикIаб хIасил. РакI-ракIалъ баркала кьола щивасе гьеб Аллагьасул кириги, халкъалъул баркалаги кIудияб ишалъулъ квербакъаралъухъ.



Хирияб хIадисалда абун буго: «Халкъалъе баркала кьоларес БетIергьанасеги кьоларо». ТIоцебесеб иргаялда нилъер аслияб мурад-масъала буго Аллагь разилъи тIалаб гьаби, росуцоязул яшав-гIумруги, росдал социалияб рахъги цебетIезаби, гIун бачIунеб гIелалъе мустахIикъаб мисал бихьизаби ва ирсалъе тей.

Хасаб чIухIилъун ккана росуцоязе ралъдал гьумералдаса 2500 метралъ борхалъуда бугеб Ягулда мугIрул тIогьиб бугеб иццухъан лъел мухъ бачин. Щуго километралъул манзилалда рогIороги лъун бачараб лъел мухъалъ гьоркьоса къотIи гьечIеб куцалда гьекъолеб лъим чIезабизе буго росдае.

Гьеб ва цогидалги хIалтIабазул хIасил къуна цадахърекъон, къараб зар гIадин, гъункун, цолъун гьабураб жамагIаталъул хIалтIуца. ГIадада гурелъун абулеб жамагIаталъул газа къурдаги рекIулин. Щивас жиндижиндир бутIа лъуна жамгIияб хIалтIулъ: цоял хIалтIана, цогидаз гIарцулал сурсатаздалъун кумек гьабуна, лъабабилез жидерго дугIадулъ рехсана нижь.

Къедисел руго жидерго гьитIинаб ватIаналъул-анкъумумузул ракьалъул унго-унгояв патриотал.

Нижер хIаракат бихьулеб буго БетIергьанасда. Кинабго лъалев ва кинабго бихьулев Аллагьасда лъала ва ричIчIула къедисезул хIаракатчилъиги, ракIазулъ ругел лъикIал къасдалгун мурадалги.

Нилъеда ракIалда руго хирияб МухIаммад аварагасул (гI.с.в.) насихIатал: -лъикIал ишал гьаризе хIаракат бахъе захIматал кьоялхIалбихьиял тIаде щвелалде.

Къимат гьабизе ккола щуго жоялъул щуйиде щвезегIан: гIумруялъул хвел тIаде щвезегIан, сахлъиялъул унтизегIан, экенаб заманалъул хIалтIи букIинегIан, гIолохъанлъиялъул херлъи тIаде гIунтIизегIан ва бечелъиялъул язихлъи тIаде щвезегIан.

БетIергьанас жиндирго лъикIлъабаздалъун рохизареги нилъ дунялалъулгун ахираталъул рокьор.

Гьабуралда гIей гьабун чIезе ният гьечIо къедисезул. Цадахъ рекъон хадубккунги росдал сурат берцин гьабиялъул хIалтIи чIезе, гьоркьоб къотIизе тезе гьечIин руго. Росуцоязул гIумру-яшав цебетIезабиялда тIад хIалтIун ирсилаз чIухIун рехсезе лъикIал, абадиялъе хутIулел ишал гьаризе ният буго росдал жамагIаталъул.

**Мухтар МухIамадов**

## Конкурс

**Уважаемые жители Цумадинского района!**

Отдел МВД России по Цумадинскому району информирует, что с 1 по 20 февраля 2025 года проводится конкурс детского творчества «Инспектор по делам несовершеннолетних глазами ребенка». Конкурс детского рисунка среди учащихся школ. Лучшие работы будут отмечены подарками и грамотами.

## Курбанали Магомедов награждён медалью ордена «За заслуги перед Отечеством» II степени

За выдающийся вклад в развитие и сохранение народных художественных промыслов, многолетнюю творческую деятельность и популяризацию ювелирного искусства председатель Дагестанского отделения Всероссийской творческой общественной организации «Союз художников России» Курбанали Магомедов удостоен медали ордена «За заслуги перед Отечеством» II степени. Соответствующий указ подписан Президентом России Владимиром Путиным.



Курбанали Магомедович Магомедов родился 20 августа 1953 года в селе Агвали Цумадинского района. Окончил Дагестанское художественное училище имени М.А. Джемала по специальности художественная обработка металла, а также факультет географии Дагестанского государственного педагогического института.

Его многолетний труд отмечен высокими наградами: он является Заслуженным художником Республики Дагестан, Заслуженным художником Российской Федерации, а также Академиком Российской академии художеств.

Кроме того, Курбанали Магомедов активно участвует в общественной и экспертной деятельности, являясь членом Общественного совета при Министерстве по туризму и народным художественным промыслам Республики Дагестан и членом Художественно-экспертного совета по народным художественным промыслам при Правительстве Республики Дагестан.

Эта награда-признание его заслуг перед отечественной культурой и искусством, а также его вклада в сохранение и развитие ювелирного и декоративно-прикладного искусства Дагестана.

ШапихIажи ГIисаев гьавуралдаса 100 сон тIубаялде

# ГIумру гIадада ине течIев

***ЦIумада районалъул Гьигьалъ росулъа сахав муъминчи, жиндир мунагьал чураяв ШапихIажи ГIисаевасул 100 сон тIубаялда бан хъварал дирго ракIалдещвеял***

Исана февраль моцIалъ 100 сон тIубала лъикIав инсан, сахав магIарулав, гIуцIарухъан ЦIумада районалъул Гьигьалъ росулъа ШапихIажи ГIисаев гьавуралдаса. Амма дунялалда рарал сонахъги, гьабураб хIалтIухъги, гIадамазда гьоркьоб цIунараб адаб-хIурматги, гIаданлъиги гьеб кинабго хIисабалдеги босун, кочIолъ абухъего: «Дица гIумру тола гIадада инчIин» -илан ракIчIун абизе ихтияр бугев чи вукIана хIал Алжан бакьулъ батаяв ШапихIажи ГIабдулаевич.

Дида ШапихIажи лъана 1979 сональго. Дун университеталде цIализе лъугьараб заманалда гьесул гIемер бицунаан общежитиялда цадахъ ккарав гьесул росуцояв ва гIагарав вас МухIамад Багьавдиновас. Гьесул хабар-кIалалдаса дида бичIчIана гьесул къадруги, къиматги, тIабигIатги, гIамалалъул гьитIинлъиги, гьесул хIалтIудехун бугеб тIалабчилъиги, тIубараб вукIавахъинги. Гьеб кинабго хIисабалдеги босун, гьев гьавуралдаса 100 сон тIубаялъул хIурматалда дида ракIалде ккана гьесул хIакъалъулъ дирго пикру загьир гьабизе ва гьеб кагътиде босизе.

Инсанасул гIумру буго хIакъикъатгун, захIмалъабигун, къварилъабигун, къадарал гIадамалгун гьабулеб даимаб къеркьей. Дир пикруялда гьеб къеркьеялъулъ сахав гIумрудул бичIчIи бугев чи бергьинеги ккола.

Дунялалъул пикрабигун, гIагараб вижараб ракьалде рокьигун, жавабчилъи цIикIкIараб хIалтIуде тIалабчилъигун, инсухълъиялъул аслу цIунулеб цIаргун, захIмалъабазе къуркьичIого гIумру гьабулаго, рохалилги гIаданлъиялъулги хIухьелги гьаракьги къотIизе течIого гIумру гьабунин ШапихIажицайин абула дица. Дун вохарав вуго гьесулгун лъай-хъвай ккеялдаса, гьесул дидехун ва дунгIадал студентаздехун, цадахъ хIалтIулездехун букIараб бербалагьиялъги, дие ва гьединго цогидазе щварал гьесул гIумрудул дарсаздаса.

ШапихIажи лъалез, гьесухъе ккараз бицунелъул пикру гьабидал бихьулеб букIана, гьев абухъего гIемераб лъикIабги-квешабги бихьарав, захIмалъаби дандчIварав, сундуего къуркьуларев кьуру гIадав, гIумруялъул унго-унгояб хIалбихьи щварав чи вукIин. ХIакъикъаталдаги ГIисаевасул букIана бечедаб гIумруялъул хIалбихьи. Рехселин дидаго лъалел гьесул хъулухъазул тIогьазде вахиналъул сияхI: Буйнакск шагьаралда бугеб «Тарбия чагIазул къебелъи» абун жинда жакъаги абулеб педучилище лъугIарав гIолохъанчиясда тIад къала Гьигьалъ гIагараб росдал анкьго сонил школалъе нухмалъи гьабизе. 19 сон барав гIолохъанчи тIамула комсомолалъул ЦIумада райкомалъул тIоцевесев секретарлъун.

20-21 сон барав цIагIадав гIолохъанчи тIамула КПССалъул ЦIумада райкомалъул кIиабилев секретарасул хъулухъалде. 25 сон гIумрудул барав чи, гьесул гIуцIарухъанлъи-хIакимлъи гьабизе бугеб бажари, гIакълу-лъай буголъи хIисабалдеги босун тIамула КПССалъул ЦIумада райкомалъул тIоцевесев секретарлъун. Дида лъалезул магIарулазда гьоркьор гьединаб даражаялъул хIалтIул хIалбихьиялъ борхалъуде рахаразул дагьал чагIи рукIана, гьезул цебесеб кьерда ШапихIажи ГIабдулаевичги. Умумузул аби буго: «Чу берцин гьабула кьили-тIагIелалъ, чи берцин гьавула захIматалъ» абун. Гьелъухъего, аскIове ккедал абулаан ШапихIажицаги: «ХIалтIуца, къо бихьиялъ лъадарула инсанасул черх, дун киданиги захIматалъукьа хIинкъичIо, кинабгIаги тIадкъараб хIалтIи дихъан бажаруларин абураб пикруги дир ботIролъе бачIинчIо»-ян. 30 сон барав чи ШапихIажи вищун вукIана СССРалъул Верховный Советалъул депутатлъун. Гьев вукIана бищун гIолохъанав депутат КIудияб ВатIаналъул даражаялда вищарав. Гьолъги бицуна кинав чи нилъер ШапихIажи вукIаравали.

БакI ккун букIаго гьаниб бицинчIого гIоларо дида ШапихIажи лъикIго лъаялъул хIакъалъулъги. Дун цIализе лъугьана ДГУялде 1979 аб. сональ. Общежитиялда гIумру гьабулаго лъай-хъвай ккана Гьигьалъ росулъа ДГУялъул тарихалъул факультеталда цIалулев Багьавдинов МухIамадилгун. Хабар-кIалалда ругеб мехалъ халлъулан МухIамадие цIализе лъугьунелъул ШапихIажилги кумек щун букIин. Доб партиялъул заманалда гьеб факультеталде лъугьине бокьанщинав чиясе рес щолароан, гьенибе букIунаан кIудияб конкурс. Дунго цIалулев вукIана физическияб факультеталда. ТIоцебесеб курс лъугIидал ккана ракIалдаго гьечIел ишал дир гIумрудулъ, риидалил каникулазул заманалда дун ине кколаан практикаялъе Хасавюртальда бугеб консервал гьарулеб заводалде цо моцIгун бащадалъ хIалтIизе. Эменги унтун дие гьениве ине рес рекъечIо, гьевгун больницаялда хутIана, хадуб вацасе балеб минаялда хIалтIизеги ккана. Сентябралъ цIализе щведал, практикаялде инчIолъиялда бан дие цIалулеб бакIалъа нахъе гьавизе буюрухъ хъван батана. Ургъизе ккolaан щибгIаги багьана, кисанго кумек щолеб букIинчIо, хIажатавлъун ккана Багьавдиновас рекIеда ватизавун ШапихIажихъе дандбазе ине. Саламги кьун щвана гьесул кабинеталде, бицана ккараб хIалалъ. Босун кодобе телефонгун ахIана факультеталъул декан ХIандула ГIащикъовичасухъе. Гьав нилъер мадугьал нахъе гьавизе бегьуларо, Низамудинил дуца нухмалъи гьабулеб факультет лъугIизе ккола, дуда бичIанищ абун кьварун лъазабуна. Дида рагIулеб букIинчIо ХIандулагьица гьесда бицунеб хабар, амма бичIчIулеб букIана дандечIей букIин. ШапихIажица дун витIана жиндихъего Иманшапиев ХIажи ахIизе, гьев вукIана университеталъул комсомолалъул комитеталъул нухмалъулев, гьесулги физфак лъугIун букIана. Гьесдаги лъазабуна ШапихIажица гьадинав магIарулав нахъе рехизе тани нилъ щалин кколел, дове-гьанив хIалтIизе витIун вукIанин ректорасухъе кагъат хъвайин абун. Студентазул поликлиникаялде Махулова ПатIиматихъеги ахIана дун анцIго къоялъ унтун вукIанин абун справка хъвайин абун. ХIажицаги дун вихьизавуна ток цIалеб мухъалда Сергохъалаялда студентазул цогидаб къокъагун моцIалъ хIалтIулев вукIанин жинцаги витIун абун. Гьелдаса анкь инчIого дун цIализе факультеталде вичана, ХIандуллагьги вагьана лъикIаб хIалалъ жинда лъазабичIогоян. Кинабго ккаралъул бицине хIажалъи ккеларин ккола, амма дир мурад мунагьал чураяв, хIал Алжан бакьулъ батаяв ШапихIажица кабинеталъусаги кIалъан тIубана.

Гьединав вукIана гьев киназего кумек гьабулевлъун, рокьулаан гьесие магIарул миллаталъул цIалулъ лъикIал хIасилал рихьизарулел гIолохъабиги. ХIалтIана ШапихIажи КПССалъул тарихалъул кафедралда (ДГУ) кIудияв преподавательлъун. ХисичIого 20 сональ тIатIалаго гьабуна гьес университеталда парткомалъе нухмалъи. Гьев вукIана кIалалда лъикIаб пасихIлъи бугев оратор, жинцаго гьабулеб хIалтIи лъалев гIуцIарухъан. Университеталда гьесул тIокIцIар букIана генсек (генералияв секретарь). Кинаб данделъи университеталда тIобитIулеб букIаниги, ректорасда хадуб кидаго ШапихIажие кьолаан рагIи кIалъазе. Гьев кIалъалелъул тIутI боржунеб гьаракь букIунароан залалда, хIикматаб сихIкъотIи. ЦIакъ бокьулаан гьесул кIалъайги, аслияб кIвар кьейги гьабулаан студентазул лъай борхиялда, гIадлу-низам цIунизе ккеялда, щивасда лъазе ккoлин абулаан гьес живго гьавураб, гIураб росдалги, районалъулги, республикаялъулги тарихги, жинца тIалаб гьабулеб махщалил хаслъиги. ЦIакъ лъикI лъалаан гьесда политика, бицунаан дунялалда кколел ругел лъугьа-бахъиназул. Жакъа СССР биххун хадуб ккезесеб ШапихIажица 80 аб. соназго бицунеб букIана, цIакъ цIодораб, гIакъилаб пикруялъул чи вукIана. Салам кьун студентазул квер босулев, ккаралъуб гьезул рахъ ккун кIалъалев чи университеталда преподавателазда-хъулухъчагIазда гьоркьов ШапихIажиги Суракъат Асиятиловги вукIанин абуни дун мекъи ккеларо. Дица дирго пикру загьир гьабулеб буго: кидаго бетIерлъуда кIудиял хъулухъазда вукIаниги гIарцуца чорок гьавичIев, вацIцIадав чи вукIана ШапихIажи ГIисаев. Киналъулго, гьесул гIумруялъул ва канциналъул хъвазе гьаниб кIоларо, бажариларо, гьединаб масъала дица дидаго цебе лъунги букIинчIо, амма дидаго лъаралдаса гьесул дидаго тIатараб къокъго хъвачIого вукIинеги кIвечIо.

Гьигьалъ гьавунщинасул гуреб ихтияр букIунеб жив росдал вас вугин абизе, гьеб росдае районалъе ва цогидалъе ярагьарав, гьелъул тарихалъулъ лъикIаб лъалкI, цIар тарав чи ккола ШапихIажи. Бокьараб бакIалда борхатаб гьаракьалдалъун дун ЦIумадаса Гьигьалъа вас вугин абизе ихтияр бугев чи вукIана гьев. Гьев вуго Гьигьалъ росдалги, районалъулги чIухIиги, рохелги, гьелъие гьев мустахIикъавги вукIана.

ХIеренаб каламалъул, гIакъилаб пикруялъул, къвакIараб гIамалалъул, къамартIаб лага-черхалъул, гIадлу бугев, жиндирго рекIел хIал цогидазе рагьизебикьизе бажарулев, божилъи гьабизе бегьулев гIамал гьитIинав, тIалабчилъи цIикIкIарав хIалтIул къимат лъалев, чиясул мурад тIубазе бокьулев чи вукIана ШапихIажи. Дица абила гьев вукIанин, къокъго абуни, цIакъ гIадатияв, чIухIи-къули гьечIев сундулъго тадбир бугев инсан. Гьесул хьвада-чIвадиги, гIамалхасиятги, сабру-яхIги букIанин умумузул гIадаб, гьезда релълъараб цогидазе мисал босизе гIадаб. Дица абила гьев вукIанин, цогидал нилъ гIадаздаса тIокIав, лъидаго релълъинчIев, такрарлъи гьечIев, хасаб жиндиего ва цогидазе данде кколеб хасияталъул хвел гьечIеб гIаданлъиялъул, гIадан хирияв, жинде божун аскIов вачIарасул мурад тIубазе бокьулев, ккараб бакIалда лъидаго хьолбохъ чIезе хIадурав, цевесев аваравмагIаруласул гIамал хвезе течIев, хисардулареб, цо ккараб гIамалалъул, кинаб заман тIаде бачIаниги жиндирго чорхол яхIалда хIур хъвазе течIев чи. Дица ракIчIун гьелъие нугIлъиги гьабула. Дида гьев лъаралдаса гьединавлъун вихьана, цогидазги гьесул хIакъалъулъ лъикIаб гуреб рагIи абулареблъиги лъала. Жакъа дицаги, дун гIадазги гьев хун къогоялдаса цIикIкIун сонал индалги гьесул цIар лъикIаб рахъалъ рехсолеб буго. Гьедин гьеб кидаго букIинеги буго. Нилъее гIадин гьев Аллагьасеги хириявлъун ватаги, БетIергьанас гьесие «Фирдавус» алжанги насиб гьабеги.

## Аваристаналъул чIухIи ШапихIажи ГIисаевасде

Февраль моцIалъул хасалил сордоялъ,
Ккана дуе къадар, къиматав инсан.
Нижгун гьечIониги, ракьулъ лъуниги,
ЛъикIал дур хутIана лъалкIал ракьалда.

Мун хванин рагIидал ракI пашманлъичIев,
Нилъер мухъалда чиго хутIичIо.
ЧIагоял дур ишал ракIалдеги щун,
Дур мунагьал чури гьарана щивас.

Жакъа дур бицине бугеб бигьалъи,
БатIияв вукIана халкъалда гьоркьов.
ГIадамал рокьиги, мурад тIубайги,
БукIиндал Аллагьас дуй насиб гьабун.

ВукIанин абизе бугеб цо бакIлъи,
ГьечIилан абизе бугеб захIмалъи,
ГIаданлъи кIудияв, миллат хирияв,
Мун даим хутIила нижер ракIазулъ.

Борхатаб лагаги, къамартIаб черхги,
Лъалезе дур щвараб кибго кумекги.
Камилаб хабарги, кьучIаб рагIиги,
ГIумруялъ цевеса унарев мунги.

Дир цIалулеб заман, университет
Парткомалъул бетIер мун, ШапихIажи.
ГIамал бахIарчияв, каламги кьучIав,
Кинабго бицине дир хIал кIвеларо.

Щивав магIарулас чIухIадго дуе,
Салам кьолаан дуй дандчIванщинахъе.
Нижер ккараб тохлъи кибго бахчулев,
КIочене рес бугищ сахав чиясда.

Ниж кIодолъаниги, мун рекIелъ вуго,
Хирияв гIагарав цевесев чилъун,
Лъаялъул кIалгIадул вацIцIадав хIаким,
Къадру цIунаразулъ рехсола кивго.

Лага батIалъидал, черх загIиплъидал,
ЧучичIо, къеркьана къойил унтигун.
Къимат тIокIавилан кIодо гьавуна,
КIудияв вуго мун хун хадусаги.

Заманги хисана, соналги ана,
Кидаго бицана дур чилъиялъул.
Ракьул чIабаралда мун тIупаниги,
ТIолазего дарсал хутIана нахъе.

ШапихIажи абун дур цIар ахIизе,
Васал гIемерлъаги дур наслуялда.
Тахшагьаралда сапар ахирлъарав мун,
Алжаналъул бакьулъ хIалхьун ватаги.

**Низамудин Гъазиев,** шагIир ва хъвадарухъан, РФялъул лъайкьеялъул мустахIикъав хIалтIухъан, ГIахьвахъ районалъул ЦIолода росу

**Динияб бокIон**

# ШагIбан моцIалъул хиралъи

**ШагIбан ккола бусурбабазул моцIрол календаралъул микьабилеб моцI. Аллагьасул Расулас жиндир лъикIлъаби рицунел моцIазул цояблъунги ккола гьеб. Аварагас (гI.с.в.) лъагIалил щибаб моцIалъ кIал ккола ан, амма ШагIбаналъ, цогидал моцIаздасаги (Рамазан хутIун) гIемер ккола ан.**

ГIаишатидасан бицана: «Дида Аллагьасул Расул тIубараб моцIалъ тIубанго кIал ккун вихьичIо, Рамазан моцIалъ гурони. ШагIбан моцIалъ гIадин цогидал моцIазги гьес кIал ккун букIин дида ракIалда гьечIо», - ян. (Муслим, Абу Давуд)

Бухариясдасан бачIараб хIадисалъул риваяталда тIубараб ШагIбан моцIалъ кIалал ккола анинги буго.

ГIаишатидасан ва Умму Саламатидасан бицана: «Бичасул Расулас ШагIбан моцIалъул дагьал къоял хутIун, хутIарал къояз кIалал кколел рукIана», - ян. (Тирмизи).

ГIалимзабаз гьеб баян гьабуна, Аварагас (гI.с.в.) щибаб моцIалъ лъабго къоялъ, гьединго, итни ва хамиз къояз кIалал ккола анин. Цинги кинаб бугониги гIиллаялдалъун гьел къояз кIал ккечIого хутIидал, Рамазан тIаде щвезегIан ШагIбан моцIалъ гьел рецIулаанин.

ГIаишатица бицана, ШагIбан моцI байбихьарабго Аварагасда (гI.с.в.) хадуб жинцаги кIал кколеб букIанин, лъагIалида жаниб ккечIого хутIарал паризаял яги цогидал суннатал кIалал тIуразарун.

Киналго руччабазда ракIалде щвезабизе бокьун буго, кинаб бугониги гIиллаялдалъун тIуразе кIвечIел Рамазан моцIалъул паризаял кIалал цIияб Рамазан моцI бачIиналде гьел рецIизе ккей.

Усамат ибн Зайдица бицана, цо нухалъ гьес Аварагасда (гI.с.в.) цIеханин: «Я Бичасул Расул цо-цо мехалъ дуца кIалал, киданиги биччалареб гIадин, гIемер ккола, цо-цо мехалъ кIалал кколаро, анкьида жаниб кIиго къоялъ гурони, тIокIал къояз кIалалго кколарин ккеледухъ»,- ян. Аварагас (гI.с.в.) гьикъана: «Гьеб кIиго къо щиб кьоял?» - ян. Дица абуна: «Итни ва хамиз», - ян. Аварагас (гI.с.в.) жаваб кьуна: «Гьел къояз БетIергьанасухъе гIамалал рорхула. Дие бокьун буго гьел къояз дун кIалал ккун вукIине», - ян.

Дица жеги цIехана: «Дида халлъана ШагIбан моцIалъ дуца кIалал ккол ел рукIин цогидал моцIаздаса цIикIкIун»,-ян. Аварагас (гI.с.в.) жаваб кьуна: «Гьаб моцI ккола гIадамал гIадатияб къагIидаялъ Ражабалдаги Рамазаналдаги гьоркьоб ракI буссун хутIулеб моцI. Гьелда жаниб гьабураб гIамалги уна гIаламазул БетIергьанасухъе. Дие бокьун буго дир гIамал баккулеб заманалда кIал ккун вукIине», - ян (АхIмад, Насаи).

Абубакар Балхияс абуна: «Ражаб моцI ккола бекьулеб моцI, ШагIбан - лъалъалеб моцI, Рамазан - бакIарулеб моцI. Гьединлъидал Ражаб моцIалъ щибниги бекьичIес, ШагIбаналъ лъалъачIес, Рамазаналъ щибха бакIарилеб?»-ян.

ГIаишатидасан бицана: «Авараг (гI.с.в.) дихъе вачIана ва дида цадахъ цо пуланай чIужугIадан ятана. Гьес дида гьикъана: «Щий гьей?» - илан. Дица жаваб кьуна: «Пуланайилан... (цIарги абун), гьелъ бицуна жиндирго какил (гIемераб как балеб букIиналъул)». Аварагас (гI.с.в.) абуна: «Гьедин сваказегIан гьабизе хIажалъи гьечIо, нужедаго хIалкIвараб гIибадатги гьабун чIараб лъикIаб буго. Гьедулев вуго, Аллагьас нужее кири хъвазе буго, Жиндие гIибадат гьабулаго нуж сваказегIан. ТIадегIанав Аллагьасе бищун бокьула даимго гьабулеб гIибадат», - илан. (Бухари, Муслим).

ТIадегIанав Аллагьас кьурал нигIматазухъ шукру загьир гьабулезда гьорлъ гьареги нилъ.

**«Ас-салам» газеталдаса босараб**

**Нухал ва гIадамал**

# Умумузул басрияб росулъе нух бахъана

Гьал ахирал соназ нухал гьари, лъим бачи, гьутIби чIей ва цоги-цогидалги халкъалъе пайдаял ишал



гIемер гьарулел руго гIолохъабаз. Гьеб буго гIадамазе пайдаги бугеб, жидеего ахираталъул рокъобги батулеб хIалтIи. Хасго гьеб рахъалъ хIалтIи гьабулеб буго цере нухалги рукIинчIел, гIадамазги рехун тарал росабалъе ва кулабазде нухал рахъиялда сверухъ.

Гьеб нияталда Гьигьихъ росдал жамагIатги данделъун, бажарарас бажарараб кумекги гьабун байбихьана ТIадгьигьихъ басрияб росулъе нух бахъизе. Къокъаб заманаялда жаниб лъабгогун бащадаб километралъул манзилалъ бахъана нух.

Нух рагьиялъул тадбиралда гIатIиракьалде гоччун арав росуцояв Сажидов Сажидица лъикIаб къимат кьуна магIарухъ ругел росуцоязе. Гьанже бугеб гIелалъ нух бахъиялъул рахьаль Китайцин нахъ танилан абуна гьес. Гьедин ккезеги ккана, къоло хадуб къоялда жаниб гIумруяльго нух букIичIеб бакIалде бахъана шагьранух.

Нух рагьиялда хурхун араб гьатIан къоялъ Гьигьихъ тIобитIана гьалбалги ахIун кIудияб тадбир. Гьениб гIуцIун букIана лъикIаб гIодорчIей, къоялъ чIезабун бу-



кIана кваназе квен-тIех, гьаруна вагIза-насихIатал, нух бахъиялъе кумек гьабуразе кьуна шапакъатал. Гьедин рохалида ана гьатIанкъо Гьигьихъ росуль.

Бокьун буго Гьигьихъ росдал жамагIатальул рахъалъан кIудияб баркала загьир гьабизе нух бахъизе кумек гьабурал Давудов МухIамадзагьидие, гьесул хIалтIухъабазе: трактористал Шамил МухIамадовасе ва ГIабдула ИсмагIиловасе, спонсорлъи гьабурал меценатал ИзрагIил ГIабдулаевасе ва Арсен МухIамадовасе, гьединго гIарцудалъун ва квентIехалдалъун кумек гьабуразе

ГIадада гуро умумуз абулеб букIараб жамагIаталъул газа кьурдаги рекIулин. БитIараб букIун буго.

Хаду-хадубги цолъун, гъунккун, роха-хинлъиялда цогидалги пайдаял хIалтIаби гъаризе Аллагьас щулияб сахлъи, рохел ва икъбал кьеги Гьигьихъ росдал жамагIаталъе.

**МухIамад Къасумов**

**Показатели**
**бюджета администрации сельского поселения «сельсовет Нижнегакваринский» на 2025 год и плановый период 2026-2027 г.г.**

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма 2025 | 2026 | 2027 |
|---|---|---|---|---|
| | 2 | 3 | 4 | 5 |
| | **Собственные доходы:** | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 15,6 | 15,6 | 15,6 |
| 2 | Налог на имущества | 28,0 | 28,0 | 28,0 |
| 3 | Земельный налог | 17,0 | 17,0 | 17,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 7,0 | 7,0 | 7,0 |
| 5 | Прочие неналоговые доходы | 45,0 | 45,0 | 45,0 |
| | **Итого собственные доходы** | **112,6** | **112,6** | **112,6** |
| | **Трансферты** | | | |
| 1 | Объем дотаций | 2200,0 | 1525,0 | 1525,0 |
| 2 | Субвен. ВУС | 206,7 | 224,4 | 232,9 |
| 3 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 0,0 | 0,0 | 0,0 |
| | | | | |
| | **Итого** | 2406,7 | 1749,4 | 1757,9 |
| | **Всего доходов** | 2519,3 | 1862,0 | 1870,5 |
| | | | | |
| | **Расходы:** | | | |
| 1 | Аппарат | 1613,6 | 1790,0 | 1820,0 |
| | в т.ч. зарплата | 1051,0 | 1185,0 | 1195,0 |
| 2 | Проведение выборов | 40,0 | | |
| 3 | ВУС | 206,7 | 215,5 | 225,4 |
| | в т.ч. зарплата | 136,0 | 140,0 | 145,0 |
| 5 | ЖКХ | 219,0 | 655,0 | 665,0 |
| 6 | Культура | 440,0 | 540,0 | 545,0 |
| | в т.ч. зарплата | 265,0 | 450,0 | 480,0 |
| 7 | ФК и спорт | 0,0 | 25,0 | 25,0 |
| | **Всего расходов** | **2519,3** | 3225,5 | 3280,4 |
| | в т.ч. зарплата | 1452,0 | 1775,0 | 1820,0 |

**Председатель Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет Нижнегакваринский» Р. Магомедов**

**Показатели**
**бюджета администрации сельского поселения «село Метрада» на 2025 год и плановый период 2026-2027 г.г.**

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма 2025 | 2026 | 2027 |
|---|---|---|---|---|
| | 2 | 3 | 4 | 5 |
| | **Собственные доходы:** | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 46,3 | 46,3 | 46,3 |
| 2 | Налог на имущества | 5,0 | 5,0 | 5,0 |
| 3 | Земельный налог | 9,0 | 9,0 | 9,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 1,0 | 1,0 | 1,0 |
| 5 | Неналоговые доходы | 25,0 | 25,0 | 25,0 |
| | **Итого собственные доходы** | **86,3** | **86,3** | **86,3** |
| | Трансферты | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1694,0 | 1215,0 | 1215,0 |
| | | | | |
| 1 | Дотация на частич. компенс. | | | |
| 2 | Субвен. ВУС | 206,7 | 224,4 | 232,9 |
| | Итого | 1900,7 | 1439,4 | 1447,9 |
| | Всего доходов | 1987,0 | 1525,7 | 1534,2 |
| | | | | |
| | Расходы: | | | |
| 1 | Аппарат | 1451,0 | 1251,0 | 1251,0 |
| | в т.ч. зарплата | 899,0 | 807,0 | 807,0 |
| 1 | Проведения выборов | 30,0 | | |
| 2 | ВУС | 206,7 | 224,4 | 232,9 |
| | в т.ч. зарплата | 136,0 | 142,0 | 147,0 |
| 3 | ЖКХ | 294,3 | 45,3 | 45,3 |
| | в т.ч. зарплата | | | |
| 4 | ФК и спорт | 5,0 | 5,0 | 5,0 |
| | Всего расходов | 1987,0 | 1525,7 | 1534,2 |
| | в т.ч. зарплата | 1035,0 | 949,0 | 954,0 |

**Председатель Собрания депутатов сельского поселения «село Метрада» М. Магомедов**

## Показатели
## бюджета администрации сельского поселения «сельсовет Эчединский» на 2025 год и плановый период 2026-2027 г.г.

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма | | |
|---|---|---|---|---|
| | | 2025 | **2026** | **2027** |
| | 2 | 3 | 4 | 5 |
| | **Собственные доходы:** | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 49,7 | 49,7 | 49,7 |
| 2 | Налог на имущества | 6,0 | 6,0 | 6,0 |
| 3 | Земельный налог | 10,0 | 10,0 | 10,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 35,0 | 35,0 | 35,0 |
| 5 | Прочие неналоговые доходы | 50,0 | 50,0 | 50,0 |
| | **Итого собственные доходы** | **150,7** | **150,7** | **150,7** |
| | **Трансферты** | | | |
| 1 | Объем дотаций | 2800,0 | 1951,0 | 1951,0 |
| 2 | Субвенция ВУС | 206,7 | 224,4 | 232,9 |
| | **Итого** | 3006,7 | 2175,4 | 2183,9 |
| | **Всего доходов** | 3157,4 | 2326,1 | 2334,6 |
| | | | | |
| | Расходы: | | | |
| 1 | Аппарат | 1946,6 | 1597,2 | 1597,2 |
| | в т.ч. зарплата | 1135,2 | 950,2 | 950,2 |
| 2 | Проведение выборов | 50,0 | | |
| 3 | ВУС | 206,7 | 224,4 | 232,9 |
| | в т.ч. зарплата | 136,0 | 136,0 | 136,0 |
| 4 | ЖКХ | 574,0 | 174,1 | 174,1 |
| 5 | Культура | 396,4 | 330,4 | 330,4 |
| | в т.ч. зарплата | 253,8 | 253,8 | 253,8 |
| 6 | ФК и спорт | 20,0 | 0,0 | 0,0 |
| | **Всего расходов** | 3193,7 | 2326,1 | 2334,6 |
| | в т.ч. зарплата | 1525,0 | 1340,0 | 1340,0 |

**Председатель Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет Эчединский» М. Нурудинов**

## Показатели
## бюджета администрации сельского поселения «село Хушет» на 2025 год и плановый период 2026-2027 г.г.

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма | | |
|---|---|---|---|---|
| | | **2025** | **2026** | **2027** |
| | 2 | 3 | 4 | 5 |
| | Собственные доходы: | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 41,7 | 41,7 | 41,7 |
| 2 | Налог на имущества | 7,0 | 7,0 | 7,0 |
| 3 | Земельный налог | 16,0 | 16,0 | 16,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 2,0 | 2,0 | 2,0 |
| 5 | Прочие неналоговые доходы | 80,0 | 80,0 | 80,0 |
| | **Итого собственные доходы** | **146,7** | **146,7** | **146,7** |
| | **Трансферты** | | | |
| 1 | Объем дотаций | 2195,0 | 1569,0 | 1569,0 |
| 2 | Субвенция ВУС | 214,7 | 233,1 | 241,9 |
| | | | | |
| | **Итого** | 2409,7 | 1802,1 | 1810,9 |
| | **Всего доходов** | 2556,4 | 1948,8 | 1957,6 |
| | | | | |
| | **Расходы:** | | | |
| 1 | Аппарат | 1668,4 | 1382,2 | 1382,2 |
| | в т.ч. зарплата | 1098,0 | 950,2 | 950,2 |
| 2 | Проведение выборов | 60,0 | 0,0 | 0,0 |
| 3 | ВУС | 214,7 | 233,1 | 241,9 |
| | в т.ч. зарплата | 136,0 | 136,0 | 136,0 |
| 4 | ЖКХ | 118,3 | 3,1 | 3,1 |
| 5 | Культура | 455,0 | 330,4 | 330,4 |
| | в т.ч. зарплата | 345,6 | 264,8 | 264,8 |
| 6 | ФК и спорт | 40,0 | 0,0 | 0,0 |
| | **Всего расходов** | 2556,4 | 1948,8 | 1957,6 |
| | в т.ч. зарплата | 1579,6 | 1351,0 | 1351,0 |

**Председатель Собрания депутатов сельского поселения «село Хушет» Б. Зулиев**

**Спорт**

# Халкъазда гьоркьосеб классалъул Россиялъул спорталъул мастер




Россиялъул спорталъул министерствоялъул 2025 соналъул 30 январалда бахъараб приказалда рекъон араб соналъ гIолилазда (U21) гьоркьоб дунялалъул ва Европаялъул первенствобазда бергьенлъи босарав Гьигьалъа МустафахIажи Малачдибировасе кьун буго «халкъазда гьоркьосеб классалъул Россиялъул спорталъул мастер» абураб спортивияб цIар.

**ТI. ГIабдулбасиров**

# Пожарная безопасность в зимний период

Зима - это не только холод, снег, мороз, но и время, когда необходимо внимательнее относиться к пожарной безопасности и помнить о том, что пожар намного легче предупредить, чем его потом потушить. Требованиями пожарной безопасности установлены определенные правила при устройстве и эксплуатации электротехнических и теплогенерирующих устройств, соблюдение которых позволит максимально обезопасить себя от риска возникновения пожара.

Несмотря на то, что сегодня все больше используются системы центрального отопления, печное отопление по-прежнему остается пожароопасным. Всем жителям, дома которых отапливаются печами, следует помнить, что это не только источник тела, но и возможность появления пожара. Неосторожное обращение с огнем, сушка дров, сгораемых материалов и нарушение других правил пожарной безопасности при эксплуатации печей также приводят к возникновению пожаров.

**При использовании печей:**

1. Не допускайте эксплуатацию печей с наличием в них трещин и разрушений.
2. Очистка дымоходов и печей от сажи должна производиться не реже одного раза в три месяца.
3. Не оставляйте без присмотра топящиеся печи и не поручайте надзор за ними малолетним детям;
4. В сильные морозы печи нередко топят длительное время, в результате чего происходит перекал отдельных их частей. Если эти части соприкасаются с деревянными стенами или мебелью, то пожар неизбежен. Поэтому рекомендуется топить печь 2-3 раза в день по 1-1,5 часа, нежели один раз длительное время.

При обнаружении пожара или признаков горения (задымление, запах гари, повышенная температура) надо незамедлительно сообщить по телефонам «101» или «112», при этом назвать адрес объекта, место возникновения пожара. Одновременно принять возможные меры к спасению людей, имущества и ликвидация пожара имеющимися первичными средствами пожаротушения, организовать встречу пожарных подразделений. При тушении пожара категорически нельзя бить в окнах стекла и открывать все двери, так как это приводит к дополнительному притоку кислорода и способствует развитию пожара. Если помещение, в котором произошел пожар, сильно задымлено, то покидать помещение необходимо как можно ниже пригнувшись к полу. При эвакуации из задымленного помещения можно использовать мокрые материи, закрывающие лицо.

Соблюдайте правила пожарной безопасности! Берегите себя и жизнь своих близких!

**ОНД и ПР №15 по Ботлихскому, Гумбетовскому, Ахвахскому и Цумадинскому районам**

## К сведению предпринимателей

Администрация МР «Цумадинский район» сообщает, о ходе мероприятий по внедрению контрольно-кассовой техники в сфере торговли, общественного питания, и на рынках. Данная компания направлена на повышение эффективности работы по исключению недобросовестного поведения хозяйствующих объектов, соблюдение ими требований законодательства РФ, о применении контрольно-кассовой техники, формирования активной позиции населения района. В связи с чем, информируем население и предпринимателей в сфере торговли (розничные и оптовые магазины), общественного питания (кафе) и на рынках о необходимости установления контрольно-кассовой техники. Таким образом, вышеупомянутая компания поможет легализации теневого сектора экономики на территории МР «Цумадинский район».

Утерянный аттестат об основном общем образовании 05 БВ 0055608, выданный МОУ «Гигатлинская средняя общеобразовательная школа» МР «Цумадинский район» 6 июля 2011 года на имя Абдулкадыровой Мугаржат Магомеднабиевны, считать недействительным.

# Цо чемпионаталда кIиго медаль



Дагьаб цебе, лъагIалил ахиралда, Москваялда тIобитIараб грепплингалъул рахъалъ дунялалъул чемпионаталда 80 кг. цIайиялда Астраханалда чIей бугев КIванадаса Халилов ГIабдулаца ккуна тIоцебесеб бакI.

Кимоногун ва гьеб гьечIого цеве вахъарав гьес кIиябго номинациялда босана меседил медаль.

ГIабдула ккола КIванадиса Халилов СагIитил васасул вас, ХIадисил вас.

**ТI. ГIабдулбасиров**

**Социальная защита**

# Информация

В соответствии с постановлением Правительства Российской Федерации от 20 июня 2024 г. № 830 «О едином стандарте предоставления государственной услуги по назначению социального пособия на погребение» в случае смерти лица, не подлежавшего обязательному социальному страхованию на случай временной нетрудоспособности и в связи с материнством на день смерти и не являвшегося пенсионером, а также в случае рождения мертвого ребенка по истечении 154 дней беременности, погребению умерших, личность которых не установлена органами внутренних дел в определенные законодательством Российской Федерации сроки и возмещению затрат, связанных с погребением умерших реабилитированных при обращении гражданина за предоставлением государственной услуги по назначению социального пособия на погребение в рамках реализации статей 9 и 10 Федерального закона от 12 января 1996 г. № 8-ФЗ «О погребении и похоронном деле», супруг, близкий родственник, иной родственник, законный представитель умершего или иное лицо, взявшее на себя обязанность осуществить погребение умершего, обращается с заявлением с 1 января 2025 года в Фонд пенсионного и социального страхования Российской Федерации.

**БетIерав редактор Малачдибиров ГIубайдула СагIадулаевич 8 (87273) 2-52-44**

**Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЩIумада район, Кьенгьара росу, Заводалъул къватI, 4**

**«ЩIумадисезул гьаракь» газета гIуцIарал: Дагъистан Республикаялъул «ЩIумада район» муниципалияб районалъул администрация (ОГРН 1020500562697)**

**Газета къватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.**

**Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, I «А»**
**Тираж - 1238**
**Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагIалие) 63302 (лъагIалие)**

**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул балъголъи гъорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.**

**Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ05-00434 от 15 июля 2019 г.**

**Адрес электронной почты GoIostsumady@maII.ru**